

POGRAM POU EDE REPARE TIYO KI PASE ANBA TI PON NAN ANTRE KAY LA MEN KÈK RANSÈYMAN



Ki sa pogram kanal nan Lokalite St. Lucie a ye?

Se yon pogram lokalite a genyen sou non MSBU ki ofri mèt kay mwayen pou yo jwenn èd finansyè pou yo ranplase manman tiyo ki pase nan kanal anba rantrè remiz machin lakay yo. Gen plizyè mil kanal kon sa ki kraze nan zòn ki pa enkòpore nan Lokalite St. Lucie ki lakòz move drenaj epi ki lakòz poblèm nan kalite dlo nan zòn nan. Pogram sa a pèmèt mèt kay peye lajan sa a pi devan kote yo tou rantrè dèt sa a nan valè taks mèt kay la peye chak ane. Y ap divize montan sa a sou yon peryòd 10 an kon sa, Lokalite a swete kalite finansman sa a va ede mèt kay kon yo pap oblije met anpil kòb deyò pou fè gwo travay amelyorasyon sa a.

Ki moun ki kapab kalifye?

Pogram sa a disponib pou moun ki rete nan kay ki fèt pou yon sèl fanmi oswa kay ki gen 2 anplasman pou moun rete, ki bati sou yon tè ki nan yon zòn ki pa enkòpore nan St. Lucie, epi fò mèt ka la ajou ak enpo lokatif li pandan 3 an, epi fò moun nan rete sou yon ri ki sou responsablite lokalite a.

Konbyen kòb aplikasyon an koute?

Pri aplikasyon pou yon moun ki swa ap ranplase yon kanal se \$25. Yo esplike lòt depans pou pogram nan nan seksyon sa “Kouman yo kalkile konbyen m ap depanse”.

Èske m kab fè travay la pou kont mwen?

Non. Fò se yon kontraktè ki gen lisans epi ki gen asirans ki dwe fè travay la.

Ki kote m ap jwenn ransèyman sou kontraktè ki gen lisans?

W ap jwenn yon lis kontraktè ki kalifye nan nimewo sa a 772-462-1435.

Èske yo egzije moun pran pèmi?

Wi. Fò w pran yon pèmi pou fè travay nan antre yon remiz kay nan lokalite St. Lucie County.

Ki avantaj ki genyen lè w ranplase kanal ki pase anba kote w rantrè nan remiz kay ou?

Fò kanal yo pa gen okenn fatra ladan yo pou dlo ka koule pase. Lè yon kanal bouche, sa kab

ralanti oswa sa kab bloke dlo k ap koule apre lapli tonbe. Lè w ranplase kanal ki pa mache yo, ou ede dlo a koule sou katye a,

Pou ki sa se pa lajan taks mwen pa peye pou sa?

Rantrè nan remiz yo sèvi pou rantrè lakay ou, epi se amelyorasyon prive pèmi a otorize w fè. Kanal pou rantrè remiz yo se mèt kay ki reskonsab yo se pa leta ki fè antretyen yo.

Konbyen kòb sa ap koute?

Pou ranplase manman tiyo sa yo pri a depann de gwosè tiyo a ak longè li. Men majorite travay sa yo koute \$5,000. Kòm egzanp, pou ranplase yon manman tiyo, ak tout lòt depans, sa kab koute \$5,000 sa ap koute mèt kay la \$623/ane oswa \$51/mwa pandan yon peryòd 10 an. Montan sa yo kab chanje tou depan sa to enterè a ye lè sa a.

Konbyen tan mwen genyen pou m fè travay la?

Pèmi yo bay yon moun valab pou 6 mwa.

Kouman pou m pran swen kanal sa a pou l kab dire?

Lè w kenbe kanal ou a pwòp pou dlo kab koule ladan san poblèm.



POGRAM KANAL MSBU A

Pogram pou ede moun ak kanal ki pase anba rantre kay yo

MEN KÈK DONE

Ki sa MSBU ye?

Sèvis MSBU a se yon fòm finansman legal kote yon minisipalite lokal kreye yon mwayen apa kote yo kab bay epi yo kab finanse kèk sèvis enpòtan oswa amelyore yo paregzanp dlo pou moun bwè, jesyon dlo sal, asfalte wout, bati twou ego, bati kanal, bati twotwa, met limyè nan lari, reyamenaje bò plaj yo, ranmase fatra, eksetera. Pou fè travay sa yo minisipalite a kab fè moun peye yon enpo apa, pafwa yo konn bay enpo espesyal sa a non angle (non-ad valorem assessments) sou yon popriyete ki nan lokalite a. sa vle di sa bay mèt kay yo yon fason pou yo finanse amelyorasyon oubyen travay yo vle fè oswa travay yo bezwen fè atravè yon ogmantasyon nan enpo yo peye sou popriyete yo.

Kouman yo kalkile konbyen m ap peye?

Yo kalkile montan sou chak pwopriyete ak estimasyon pri konstriksyon an, sa kontraktè a bay la, ak depans minisipalite a fè pou jere enpo espesyal la epi pou ranmase kòb la nan menm mèt popriyete yo, epi frè biwo taks la mete sou prè sa yo ladan tou dapre seksyon 197.3632, nan lwa Eta Florid, ak montan ki nesèsè pou valè diskont yo bay popriyètè si yo peye enpo lokatif yo bonè ak lòt enpo anplis pou travay espesyal

yo fè. Estimasyon anyèl pou pwojè sa a se (2.5%) enterè sou yon peryòd 10 an.

Kouman moun fè peman yo?

Si yo òganize sa, y ap pran peman yo chak ane sou yon peryòd 10 an nan bòdwo taks yo voye bay mèt popriyete pa lapòs chak mwa novanm nan. Minisipalite a ap kalkile montan enpo anplis sa a epi l ap ranmase li dapre règleman ki nan Chapit 40, Atik VIII nan règleman minisipalite a epi seksyon 197.3632 nan lwa Eta Florid otorize. Pou w pa peye enterè sou kòb sa a ou kab remèt li yon sèl kou.

Aprè yo fin kalkile enpo anplis la èske yo kab ogmante l?

Non. Depi yo fin kalkile montan ou dwe peye a l ap ret menm jan an oswa l ap bese.

Si mwen vann popriyete m nan èske fòm peye enpo espesyal sa a nèt?

Non, enpo espesyal sa a konekte ak popriyete a li pa konekte ak mèt popriyete a. Nouvo popriyètè a va kontinye peye enpo espesyal anplis sa a jiskaske l fin peye l.

ST. LUCIE
COUNTY
FLORIDA 

**SI W BEZWEN PLIS RANSÈMAN
KONTAKTE:**

**Saint Lucie County Water Quality
Division**

(772) 462-1435

OSWA SOU IMEL

ClearyL@stlucieco.org